
MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo
Komite Lekòl Boston

Moun Ki Voye li: Nathan Kuder
Ofisye Finansye An Chèf

SIJÈ: Kontribisyon pou Apwobasyon

DAT: 18 Janvyè 2023

W ap jwenn nan pyès jwent sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la bay nan dat 18 Janvyè 2023. Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.

Lekòl Piblik Boston yo

komite lekòl Boston

vil Boston

Mary Skipper, Sirentandan

Jeri Robinson, Prezidan

Michelle Wu, Majistra



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

18 Janvyè 2023

Montan	FY	Non Sibvansyon an	Estati	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
244 500\$	2023	Early College FC461	Nouvo	Lydia Emmons	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	5 Sit
181 800\$	2023	Don Anonim Mikwoskòp	Nouvo	Nicole Guttenberg	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	Nan Tout Distri a
336 000\$	2023	CommCorp: Inisyatif Teknik Karyè (Pati 2 ak 3)	Nouvo	Kristen D'Avolio	Fòmasyon pou Granmoun	Madison Park Adult Ed. Center
762 300\$		Total				

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS23623

Non Sibvansyon: Sibvansyon Soutyen pou Early College (FC461).

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/12/2022 - 30/08/2023

Sous Finansman: Depatman Ansèyman Primè ak Segondè

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Kristin Hunt

Adrès Moun K ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA

Telefòn moun k'ap ede a: (781) 338-3000

Imel moun k ap ede a: Kristin.E.Hunt@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Lekòl Segondè

Boston Community Leadership Academy (Akademi Lidèchip Kominote Boston lan)

Brighton High School

Dearborn STEM Academy

East Boston High School

Fenway High School

New Mission High School

Jesyone Pwogram BPS la: Lydia Emmons, Direktè Pwogram Early College

Chèf Depatman/Direktè Lekòl:

Boston Community Leadership Academy (Akademi Lidèchip Kominote Boston lan): Ondrea Johnston

Brighton High School: Andrew Bott

Dearborn STEM Academy (Akademi Dearborn STEM): Darlene Marcano

East Boston High School: Phillip Brangiforte

Fenway High School: Geoff Walker

New Mission High School: Will Thomas

Montan Anyèl Pri a Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): **244 500\$**

Opsyon pou Repò a: Non

elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsone l biwo santral) ki desèvi: 850

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo? : Pwogram Early College Dezinye Aktyèl

Patnè Ekstèn Esansyèl yo (si genyen):

University of Massachusetts Boston

Bunker Hill Community College

Benjamin Franklin Cummings Institute of Technology

Fisher College

Objektif:

Gras ak Sibvansyon Sipò Early College la, DESE founi yon sipò planifikasyon pou lekòl k ap mande dezinyasyon Early College la. Soutyen sa finanse kapasite pèsone l la, materyèl planifikasyon, transpò, ak alokasyon planifikasyon nan 6 lekòl segondè epi garanti livrezon pwogram wot kalite yo.

Rezilta ki swete yo:

1. Elaborasyon ak soumision 6 nouvo demann pou Early College ki soumèt bay DESE nan 16 Janvye 2023
2. Dezinyasyon ak lansman 6 nouvo pwogram Early College 1ye Jiyè 2023

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Enskri yon kowòt etidyan Early College nan chak lekòl segondè k ap patisipe disi Ane Lekòl 2024 la

Endikatè: Oktòb Done SIMS

Objektif #2: Asire ke 75% diplome kowòt Early College jwenn yon minimòm 12 kredi fakilte an Jen 2026

Endikatè: Trakè kredi Senyò DESE ak Analiz Done DHE HEIRS

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak Priyorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

Pakou Early College ofri yon edikasyon pètinan, otantik ak imèsif bay tout elèv nou yo. Gras ak pwogram sa yo nou ap chache ogmante aksè ak kou inivèsité pou elèv Lekòl Piblik Boston yo epi redwi tan ak depans yon premye diplòm valè. Sa dirèkteman aliye sou Vizyon Estratejik 20/25 distri a paske li kreye divès opòtinite ekitab pou jèn yo pouswiv cheminman inivèsité yo ak pwofesyonèl wot kalite pa yo

Akselere Aprantisaj 2.1 “Rekonsewva Lekòl Segondè yo”- an kowòdinasyon avèk angajman ak priyorite “Akselere Aprantisaj la” idantifye nan Vizyon Estratejik 20/25, pwogram Early College yo elaji ofildèzan yon jan pou BPS toujou kapab ofri divès kou fakilte avèk rigè ak elèv li yo.

Patenarya Aktif 6.4 “Sansibilizasyon pou Fakilte ak Karyè Chanpyon yo” - nan kowòdinasyon avèk “Patenarya Aktif” angajman ak priyorite ki idantifye nan Vizyon Estratejik 20/25, pwogram Early College yo egzije divès patenarya ansèyman siperyè ki kreye divès opòtinite pou elèv ki angaje nan kou inivèsité avèk divès sipò anvlopan entegre.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23693

Non Sibvansyon: **Don Anonim Mikwoskòp**

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Don Prive

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/10/2022 - 30/04/2023

Sous Finansman: **Don Prive**

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Anonim

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman Syans, Teknoloji, ak Enjenyeri

Jesyonè Pwogram BPS la: Nicole D. Guttenberg, PhD, Direktè Pwogram Syans, K-12

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Elizabeth Milewski, Direktè Egzekitif STEM

Montan Total Rekonpans lan: **181 800 \$**, pou achte Mikwoskòp Etidyan Monokilè M150A 40X-640X Portable LED ak Kamera Mikwoskòp Okilè Nimerik MD130 1.3MP USB 2.0 koulè CMOS ki soti nan United Scope, LLC. Pwofesè yo pral resevwa yon ansanm klas 12 mikwoskòp plis yon aparèy foto nimerik

Atik	Pri Atik la	Kantite	Total
Mikwoskòp Etidyan Monokilè M150A 40X-640X Portable LED	72\$	2400	172 800\$
Kamera Mikwoskòp Okilè Nimerik CMOS koulè MD130 1.3MP USB 2.0	45\$	200	9 000\$
			181 800\$

Opsyon pou Repò a: **Okenn**

elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 2 832 elèv (Kanè MA DESE Ane Lekòl 2021), 103 Pwofesè 6èm Ane (Demann Done BPS Ane Lekòl 2021-22)

Sit distri BPS yo: Tout salklas 6èm ane ap mete an èv inite OpenSciEd Cells. Adisyonèlman, tout pwofesè STE segondè kapab mande yon ansanm mikwoskòp ak yon aparèy foto nimerik pou klas la.

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo? Konbinezon otoseleksyon (lekòl segondè) ak lekòl ki ap mete an èv pwogram OpenSciEd (lekòl entèmedyè ak 6èm ane nan lekòl K-6 yo)

Patnè Ekstèn Esansyèl yo(si genyen): Okenn

Priyorite:

Moun k ap sibvansyone a, anonim, ap bay sibvansyon sa nan lonè defen mari li, ki te fè benevola nan Lekòl Piblik Boston yo. Dezi pou founi divès mikwoskòp dirèkteman lye ak eritaj moun k ap sibvansyone defen mari a paske li te rapòte regilyèman divès mikwoskòp ki pa bon pou repara yo yon jan pou yo kontinye itilize yo. Nan lyen ak sa, donatè a chache asirans ke Lekòl Piblik Boston yo gen yon pwosedi an plas pou fè antretyen nan mikwoskòp yo epi repara mikwoskòp ki andomaje yo.

Pandan moun k ap sibvansyone a pa chache okenn piblisite pou sibvansyon sa, li konprann Lekòl Piblik Boston yo kapab gen yon enterè nan pibliye sibvansyon an bay pèsònèl li a, elèv li yo, oubyen piblik jeneral la. An konsekans, donatè a mande pou tout komunikasyon konsènan sibvansyon ki fèt la oubyen ki aksesib ak gran piblik rive soumèt ak apwobasyon li.

Sipleman (ajoute 28.09.2022):

Depatman syans lan te aranje pou youn nan teknisyen nou yo rive pran fòmasyon nan men founisè a, United Scope, pou repara Mikwoskòp Etidyan Monokilè M150A 40X-640X Portable LED ak Kamera Mikwoskòp Okilè Nimerik CMOS koulè MD130 1.3MP USB 2.0.

Yon atelye pral pwograme ak anrejistre pou pwofesè yo sou bon itilizasyon ak antretyen mikwoskòp yo.

Sipleman (ajoute 05.01.2023):

Depatman syans lan pral founi yon rapò pandan twa ane pou reponn kesyon swivan yo:

- Konbyen lekòl, pwofesè, ak elèv ki te itilize mikwoskòp yo?
- Nan ki fason mikwoskòp yo te itilize?
- Nan ki fason ak nan ki mezi de (2) objektif yo (gade anba) te rive atenn?

Divès egzanp pwodwi elèv ak dokiman fotografik elèv k ap itilize mikwoskòp yo pral rive fè pati rapò yo. Rapò yo pral rive soumèt nan fen ane lekòl la nan Jen 2023, Jen 2024, ak Jen 2025.

Objektif: Don an pral soutni mizannèw inite Selil ak Sistèm yo nan pwogram OpenSciEd adopte pa BPS. Nan inite a, elèv yo mennen envestigasyon sou konpozisyon diferan pati nan kò nou, soti nan echèl makwo rive nan echèl mikwo. Yo dekouvri ke gen kèk pati nan kò nou ki fèt ak selil e ke selil sa yo travay ansanm pou kò nou rive fonksyone. Apa de itilize mikwoskòp pou obsève selil plant ak bèt yo, elèv yo pral aprann itilize kòrèkteman mikwoskòp yo, ki se yon enstriman yo pral angaje nan kou syans lavi pa yo nan lekòl segondè a. Anplis, nou pral bay mikwoskòp pou pwofesè lekòl segondè yo ak elèv yo pou itilize nan pi wo nivo kou syans lavi pa yo. Kamera nimerik yo pral pèmèt pwofesè yo pwojete imaj pou tout klas la aksede ak pou elèv ki gen twoub viziye yo pou aksede pou kont yo ak imaj mikwoskòp yo.

Rezilta ki swete yo: Tout elèv 6èm ane yo pral jwenn aksè ak teknoloji nesèsè pou wè viziye man selil yo epi aprann sou yo nan sipò Nòm MA STE yo ak pwogram OpenSciEd a. Elèv yo pral gen yon ogmantasyon konpreyansyon estrikti ak fonksyon selil yo epi donk pral afiche divès konpetans sou kesyon evalyasyon yo ki lye ak estrikti yo e ak fonksyon selil yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Tout elèv 6èm ane yo pral jwenn aksè ak teknoloji nesèsè pou wè viziye man selil yo nan yon fason reyèl ak pètinan ki pèmèt yo pi byen konprann Nòm MA STE yo ak pwogram OpenSciEd a.

Endikatè: Elèv yo pral kapab itilize yon jan apwopriye yon mikwoskòp pou obsève imaj oubyen òganism mikwoskopik yo tankou selil yo.

Objektif #2: Elèv yo pral gen yon ogmantasyon konpreyansyon estrikti ak fonksyon selil yo.

Endikatè: Yon ogmantasyon kantite elèv ki afiche divès konpetans sou kesyon evalyasyon ki lye ak estrikti e ak fonksyon selil yo.

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak Priyorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

2 Akselere Aprantisaj la: Lekòl Wo Kalite ak Salklas Amizan nan Tout Distri a

2.5 Aplike divès atant ak pwogram etid elemantè ki rigoure e konsistan pou prepare tout elèv yo pou lekòl segondè, ki gen ladan yo pwogram nan domèn syans ak matematik

Non Sibvansyon: CommCorp: Inisyatif Teknik Karyè (Pati 2 ak Pati 3)

Estat: Ane 1 ak 2

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/07/2021 rive 30/08/2023 (Sa se yon kontinyite ak yon restriktirasyon yon ansyen sibvansyon pèfòmans)

Sous Finansman: Sosyete Commonwealth

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Meg Cummings, Jesyonè Pwogram
Telefòn: (617) 717-6938
mccummings@commcorp.org
33 Harrison Avenue, 3rd Floor, Boston, MA 02111
<https://commcorp.org/program/career-technical-initiative/>

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Ministè Edikasyon pou Adilt

Jesyonè Fon BPS: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal

Montan Rekonpans: 336 000\$

Dat Atribisyon: 01/12/22-31/10/24

Opsyon pou Repò a: Non

Apwoksasyon sou Kantite Elèv: 28 Automotive, 28 Carpentry

Sit yo: Depatman Edikasyon pou Adilt/Boston Central Adult High School ki nan Konplèks Bilding Madison Park Technical/Vocational High School la

Deskripsyon Sibvansyon

Inisyativ Teknik Karyè a ap vize reponn ak bezwen pèsistan mendèv kalifye nan sektè konstriksyon, metye ak fabrikasyon yo. Commonwealth Corporation administre fon sa yo nan espwa pou elimine defisi konpetans anplwayè yo ap konfwote ak yo nan ofri ak jèn yo e ak adilt yo posibilite pou resikle tèt yo pou divès pwofesyon kalifye, konsa tou pou tranfòme lekòl segondè pwofesyonèl yo nan enstiti teknik karyè ki fonksyone twa ka pa jou pou pote plis elèv lekòl segondè ak adilt nan pwogram lan.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Sibvansyon an pral sèvi pou peye pou yon direktè CTI, yon espesyalis soutyen pou elèv atan pasyèl yo, yon soutyen administratif, divès avantaj sosyal pou anplwaye salarye yo, divès kontra ak divès alokasyon pou pwofesè fòmasyon pwofesyonèl k ap travay aprè lè klas yo, mèb pou biwo yo ak fòmasyon, divès òdinatè, lese pase bis, ak lòt mezi ensitatif pou elèv yo (zouti, bòt, linèt sekirite, elatriye).

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #: Avan 28 Fevriye 2024, venn sis (26) elèv nan otomobil pral swiv kou a konplè epi pral jwenn diplòm endistri konèks yo.

Endikatè: Achèvmman 220 èdtan ak nòt pasaj sou OSHA 10 ak Hotworks.

Objektif #2: Avan 15/10/24, venn de (22) sou 28 elèv pral jwenn yon anplwa nan yon endistri ki lye ak travay pou 6 mwa aprè yo fini nan pwogram lan.

Endikatè: Lèt afimasyon anplwayè a oubyen fich pèman.

Objektif #3: Avan 28 Fevriye 2024, venn sis (26) elèv nan menwizri pral swiv kou a konplè epi pral jwenn diplòm endistri konèks yo.

Endikatè: Achèvmman 220 èdtan ak nòt pasaj sou OSHA 10 ak Hotworks.

Objektif #4:Avan 15/10/24, venn de (22) sou 28 elèv pral jwenn yon anplwa nan yon endistri ki lye ak travay pou 6 mwa aprè yo fini nan pwogram lan.

Endikatè: Lèt afimasyon anplwayè a oubyen fich pèman.

Aliyman Plan Estratejik

Objektif sa yo lye ak Objektif Estratejik Nimewo En BPS la: Elimine Lakin nan Opòtinite ak Reysisit. Nan ede rezidan adilt Boston yo resevwa diplòm lekòl segondè yo oswa nan ede yo aprann Anglè, Edikasyon pou Adilt BPS la desèvi elèv ki gen anpil talan yo ki te sibi enpak obstak sosyal, obstak ki alafwa sistematik e sosyal, ansanm ak rasis nan lekòl la ak andeyò lekòl la.